

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis data panalungtikan ngeunaan modél *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda ngaliwatan Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh maké modél *Explicit Instruction* kagolong kana kritéri can tuntas. Katitén tina hasil *pre-test* rata-rata peunteunna nyaéta 58,29 hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang atawa can tuntas. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina *Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM)* 70. nyaéta ngawengku aspék aksara ngalagéna rata-rata peunteunna (15,23) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup sedeng, aspék aksara swara meunang rata-rata peunteun (14,29) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup sedeng, aspék rarangkén meunang rata-rata peunteun (14,11) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup sedeng, aspék wilangan meunang rata-rata peunteun (12,41) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup sedeng. Tina jumlah 34 siswa, aya 1 siswa anu katégori “hadé pisan”, aya 14 siswa anu katégori “hade”, aya 16 siswa anu katégori “cukup”, jeung aya 3 siswa anu katégori “kurang”. Ku kituna bisa dicindekkeun yén siswa can maham kana aspék aksara ngalagéna, aksara swara, rarangkén, jeung wilangan.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2022/2023 sabada maké modél *Explicit Instruction* rata-rata

peunteunna nyaéta 82,76 kagolong kana kritéri alus atawa tuntas luyu jeung *Kritéria Ketuntasan Minimal* (KKM) 70 tina unggal aspékna. Katitén tina hasil post-test anu ngawengku aspék aksara ngalagena rata-rata peunteunna (21,52) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék aksara swara meunang rata-rata peunteun (20,76) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék rarangkén meunang rata-rata peunteun (20,52) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék wilangan meunang rata-rata peunteun (19,94) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu. Tina 34 siswa, aya 14 siswa anu kaasup hadé jeung 20 siswa anu kaasup hade pisan. Ku kituna bisa dicindekkeun siswa geus maham kana unggal aspék dina nulis aksara Sunda. hasil *post-test* anu ngawengku aspék aksara ngalagena rata-rata peunteunna (21,52) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék aksara swara meunang rata-rata peunteun (20,76) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék rarangkén meunang rata-rata peunteun (20,52) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu pisan, aspék wilangan meunang rata-rata peunteun (19,94) tina skor minimal 0 jeung maksimalna 25 kaasup saluyu. Tina jumlah 34 siswa, aya 20 siswa anu katégori “hade pisan”, jeung aya 14 siswa anu katégori “hadé”. Ku kituna bisa dicindekkeun siswa geus maham kana unggal aspék dina nulis aksara Sunda.

- c. Aya bédha anu signifikan tina kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023, kalawan rata-rata peunteun *pre-test* jeung *post-test* nyaéta tina hasil *pre-test* 58,29 ngaronjat jadi 82,76 tina 34 siswa. Bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan uji *T-test*. Dumasar kana hasil uji statistik nilai signifikansi (*Sig. 2-tailed*) nyaéta (0,000

$< 0,05$ ) atawa kurang ti  $0,05$ . Ku kituna,  $H_1$  ditarima  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Hartina, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Explicit Instruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

## 5.2 Implikasi

Sabada dilaksanakeunna panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pilihan pikeun guru dina prosés diajar pangajaran basa Sunda, hususna dina nulis aksara Sunda. Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun katitén yén modél pangajaran *Explicit Instruction* miboga implikasi anu positif dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa di sakola. Nalika prak-prakanna, siswa leuwih aktif sarta interaktif jeung papada baturna. Ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Dilarapkeunna modél *Explicit Instruction* kagiatan museur kana aktivitas-aktivitas akademik sangkan dina implémentasi kagiatan pangajaran guru bisa ngontrol siswa kalawan bener kana kamajuanana dina ngagunakeun waktu sacara éfektif pikeun ngokolakeun kelas anu dikontrol sacara tuluy-tumuluy.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan modél pangajaran *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023, panalungtik miboga rékoméndasi pikeun pamaca saperti ieu di handap.

- 1) Ieu modél pangajaran *Explicit Instruction* téh bisa dijadikeun salahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- 2) Pikeun panalungtik satulunya dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *Explicit Instruction*.

- 3) Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan dina métode ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega deui.